

Yon ti kou byen rapid sou kouman sendika ede travayè gen yon vwa nan travay yo.

Kisa yon sendika ye?

Yon sendika se yon gwoup travayè ki fòme yon òganizasyon pou yo ka genyen:

- Respè nan travay;
- Pi bon salè ak avantaj;
- Plis fleksibilite pou nesosite travay la ak nesosite fanmi yo;
- Yon fason pou kontrebalanse pouvwa san limit patwon yo genyen an, ak
- Lavwa nan amelyorasyon kap fèt nan kalite pwodwi ak sèvis yo fè a.

Kouman moun fòme yon sendika?

Lè travayè deside yo vle mete tèt yo ansanm pou yo fè amelyorasyon nan travay yo, yo kontakte yon sendika pou ede yo byen mennen efò yap fè pou òganize tèt yo ak pou yo ka rantre nan sendika a. Yon fwa lamajorite travayè yo demontre yo vle yon sendika, pafwa patwon yo aksepte chwa travayè yo. Byen souvan travayè yo fèt pou mande gouvènman an pou yo fè yon eleksyon. Si travayè yo genyen sendika a, yo negosye yon kontra ak patwon an. Nan kontra sa a, yo detaye dwa ak responsablite chak moun nan anviwonman travay la.

Eske lalwa pwoteje travayè ki rantre nan sendika yo?

Wi. Swivan lalwa ki sipòte libète chak moun genyen pou li fè pati yon asosyasyon, patwon yo pa gen dwa fè diskriminasyon kont travayè ki deside pou yo rantre nan yon sendika, ni pou revoke yo. Pa egzanp, li ilegal pou patwon yo menase pou yo fèmen konpayi an oswa pou yo revoke travayè yo, oswa pou yo retire avantaj yo te konn



bay travayè yo si travayè yo fòme yon sendika.

Ki kalite travayè ki ka fòme sendika nan moman koulye a?

Gen tout yon seri moun ki pat janm te konn fòme sendika oparavan, kap fòme sendika koulye a. Pa egzanp, fanm ak imigran ap fòme sendika—doktè ak enfimyè, anplwaye ki travay nan elvaj volay, anplwaye diplome, oksilyè swen adomisil, ak anplwaye kominikasyon sanfil, anplwaye ki fè pyès machin ak enjenyè, eksetera.

Kouman sendika ede fanmi kap travay koulye a?

Ak sendika a, travayè yo gen pi bon salè, pi bon benefis epi yo gen yon vwa nan travay la—epi si w nan yon travay ki gen bon sendika ladan li sa vle di ou nan yon kominote ki gen plis fòs.

Travayè ki nan sendika yo genyen yon salè ki 28 pousan pi plis pase salè travayè ki pa nan sendika epi yo gen plis chans pou yo jwenn asirans maladi ak pansyon pase sa ki pa gen sendika yo.

Nan ane 2000 la, salè mwayen manm sendika ki travay tan plen yo te \$696 pa semèn tandiske manm ki pa nan sendika epi ki fè menm travay yo te fè \$542 pa semèn. Koulye a, sendika ap goumen pou amelyore lavi moun kap travay. Pa egzanp, li bay plis tan

pou konje pou zafè fanmi ak pou konje maladi, li bay pi bon sekirite ak pwoteksyon pou lasante, epi li bay kontra travay ki jis epi ki ogmante estanda lavi travayè toupatou nan lemond.

Kisa sendika yo reyalize pou tout travayè anjeneral?

Sendika rann lavi pi bon pou tout ameriken kap travay paske yo ede pase lalwa ki mete fen nan fòse timoun travay, yo etabli yon orè wit èdtan travay pa jou, epi yo ede mete Sekirite Sosyal, asirans chomaj ak salè minimòm anplas.

Ak ki difikilte travayè yo fè fas koulye a?

Koulye a, gen anpil travayè ki vle rantre nan sendika. Patwon ki pi entèlijan yo konprann lè travayè vle fòme sendika, konpayi an benefisye tou. Men, anpil lòt patwon entimide, anmède epi menase travayè yo pou yo ka konbat efò travayè yo ap fè pou mete tèt yo ansanm nan. Anrepons, travayè yo al mande èd nan kominote pa yo pou yo ka mete libète yo genyen pou yo amelyore lavi yo a an pratik.

E travayè nan lòt peyi yo?

Sendika goumen pou yo fè ansòt pou konpayi yo ak gouvènman toupatou nan lemond respekte dwa fondamantal tout travayè genyen pou:

- Yo mete tèt yo ansanm ak pou yo negosye ak patwon yo;
- Pou yo refize travo fòse
- Pou yo mete defi pou timoun travay
- Pou pa gen diskriminasyon nan anviwonman travay la.